**PUPUH XXXIV: SINOM (8a, 8i, 8a, 8i, 7i, 8u, 7a, 8i, 12a)**

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| 1. | Mapan ngunduran kewala,<br>sabab abdi langkung kĕdhik<br>sĕprandene Sambirata,<br>sapunika sampun bĕrsih,<br>punapa denkĕkahi,<br>yen parĕng ingkang Sinuhun<br>benjang enjang kewala<br>sinabit pun laknat Kapir,<br>animbali Raden Dipati Danurĕja[1], | "Mengundurkan (diri) saja,<br>sebab abdi (hanya) lebih sedikit.<br>Sementara di Sambirata<br>kini telah bersih<br>atau telah dikuasai.<br>Jika diizinkan oleh Raja,<br>besok pagi saja<br>Kafir laknat diserang<br>(dengan) memanggil Raden Adipati Danureja |
| 2. | Lan Seh Ngusman Ali Basah,<br>datan tanggĕl benjing enjing,<br>sagĕndhinge Laknatolah,<br>dene sapunika yĕkti,<br>sangĕt kuciwaneki,<br>mapa-**(h.68)**-n langkung ina tuhu,<br>mĕngkana Sri Nalendra,<br>wus dhahar aturnya kalih,<br>Mantrilĕbĕt nulya kinen dhawuhana, | dan Syaikh Usman Ali Basah.<br>Tiada tanggung besok pagi<br>segenap gerak Laknatolah.<br>Adapun jika yakin (diserang) hari ini,<br>(tentu) sangat mengecewakan,<br>sungguh sangat hina (akhirnya)."<br>Demikian Sang Raja<br>telah mempercayai perkataan keduanya.<br>(Prajurit) Mantrijero lalu disuruh |
| 3. | Mundur nanging ywa kĕtara,<br>kinen turut mapan sami,<br>sampun mundur Sri Nalendra,<br>ngaler ngetan lampahneki,<br>dhateng Rĕjasa iki,<br>sarĕng wus tĕbih kadulu,<br>Eslam ing lampahira,<br>Laknat nĕrka yen ngingĕri,<br>nulya lajĕng Laknat manjing Sambirata, | mundur, namun jangan ketahuan.<br>(Mereka) semua berjalan mencari tempat (aman).<br>Sang Raja telah mundur,<br>perjalanannya (dilanjut ke arah) timur-laut<br>menuju Rejasa.<br>Setelah sudah jauh (perjalannya), terlihat<br>perjalanannya (prajurit) Islam.<br>Laknat menduga bahwa (mereka) membelakangi.<br>Laknat segera berjalan memasuki Sambirata. |

[1] Lebih satu suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| 4. | Sang Nata rawuh Ngrějasa,<br>nulya Kangjěng Pangran Behi,<br>matur dhatěng Sri Nalendra,<br>Basah Prawiradirjeki,<br>lawan Pagělen sami,<br>anyaběta saking kidul,<br>prayogi dhinawuhan<br>Ki Maja datan ngrěmbagi,<br>sabab sampun libur Den Prawiradirja, | Sang Raja tiba di Rejasa.<br>Kanjeng Pangeran Bei lalu<br>berkata kepada Sang Raja<br>(bahwa) Basah Prawiradirja<br>beserta semua (prajurit) Pagelen<br>menyeranglah dari arah selatan,<br>lebih baik (mereka) diperintahkan (demikian).<br>Ki Maja tidak ikut berunding<br>sebab telah rehat. Raden Prawiradirja |
| 5. | Pan ngangkat karya pribadya,<br>badhe langkung awratneki,<br>Raden Dipati punika,<br>dereng wontěn kayaneki[2],<br>Sang Nata wus nuruti,<br>mring Ki Maja aturipun<br>gandhek sampun lumampah,<br>nimbali Raden Dipa-**(h.69)**-ti,<br>gěgancangan lan Seh Usman Ali Basah, | mengangkat diri (untuk) melaksanakan tugas.<br>Menjadi sangat berat (hati)nya<br>Raden Adipati Danureja<br>(sebab) belum ada pekerjaannya.<br>Sang Raja telah menuruti<br>terhadap perkataan Ki Maja.<br>Abdi utusan sudah berjalan<br>Memanggil Raden Adipati Danureja<br>(dengan) segera bersama Syaikh Usman Ali Basah. |
| 6. | Pangeran Sumanagara,<br>kělawan Sěcadirjeki,<br>mapan tan kalilan běkta,<br>měksih akantun abaris<br>aneng sawetan Pragi,<br>měngkana gandhek wus rawuh<br>cundhuk lan Den Dipatya,<br>dhawuhkěn timbalan Aji,<br>langkung kagyat Raden Dipati Danurja, | Pangeran Sumanagara<br>dan Secadirja<br>tidak diizinkan ikut.<br>(Mereka) masih menetap di barisan<br>di sisi timur sungai Praga.<br>Demikian abdi utusan telah tiba<br>bertemu dengan Raden Adipati Danureja.<br>(Abdi utusan) menghaturkan panggilan Raja.<br>Raden Adipati Danureja sangat terkejut, |
| 7. | Lan Seh Ngusman Ali Basah,<br>gya němbang těngara nuli, | begitu pula Syaikh Usman Ali Basah.<br>(Mereka) segera membunyikan penanda |

[2] Sesuai konteks dibaca: *karyaneki*

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | budhalan sawadya kuswa,<br>Basah lan Raden Dipati,<br>prapta sakilen Pragi,<br>wĕktu mahrib kendĕl sagung,<br>samya salat sadaya,<br>bakda salat Den Dipati,<br>lan Seh Ngusman sampun prapta ing Rĕjasa, | perang.<br>Seluruh bala tentara berangkat.<br>Usman Ali Basah dan Raden Adipati Danureja<br>tiba di sisi barat sungai Praga.<br>Pada waktu maghrib, semua (rombongan) istirahat.<br>(Mereka) semua melakukan salat.<br>Selesai salat, Raden Adipati Danureja<br>dan Syaikh Usman telah tiba di Rejasa. |
| 8. | Wus panggih lan Kyai Maja,<br>tĕnapi Jĕng Pangran Behi,<br>ingirid sowan Nalendra,<br>wus cundhuk lan Sri Bupati,<br>mĕngkana aturneki,<br>yen parĕng ingkang Sinuhun<br>benjing enjing kawula,<br>aturi tĕdhak ningali,<br>lepen Tubah ngriki kacĕlakĕn mĕsah, | (Mereka) telah bertemu dengan Kyai Maja,<br>begitupula Kangjeng Pangeran Bei.<br>(Mereka) diantarkan menghadap Raja.<br>(Mereka) telah bertemu dengan Sang Raja.<br>Demikian perkataannya,<br>"Jika diizinkan oleh Raja,<br>besok pagi hamba<br>persilakan datang (untuk) menyaksikan<br>(bahwa di) sungai Tubah sini didekati musuh. |
| 9. | Wa-**(h.70)**-ntu samya kathahira,<br>Eslam lawan Laknat Kapir,<br>bilih ramening yuda[3],<br>tan wande prapta ing ngriki,<br>mĕngkana Sri Bupati,<br>sampun dhahar aturipun<br>Den Dipati Danurja,<br>ĕnĕngna kawarna enjing,<br>Kangjĕng Sultan wus tĕdhak mring lepen Tubah | Bertubi-tubi banyaknya<br>(prajurit) Islam dan Kafir laknat.<br>Bahwa ricuhnya pertempuran<br>tentu saja sampai di sini (dampaknya).<br>Demikian Sang Raja<br>telah memahami perkataan<br>Raden Adipati Danureja.<br>Didiamkan. Diceritakan (pada) pagi hari,<br>Kangjeng Sultan telah keluar menuju sungai Tubah. |
| 10. | Raden Dipati Danurja,<br>wus nĕmbang tĕngara jurit | Raden Adipati Danureja<br>telah membunyikan penanda perang. |

[3] Kurang satu suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | gumrĕgut wadya Bulkiya,<br>mĕngkana ingkang winarni,<br>Raden Basah miarsi,<br>Prawiradirja puniku,<br>kalamun Sambirata,<br>kalĕbĕtan Laknat nuli,<br>Raden Basah sigra anĕmbang tĕngara, | Bersemangat bala tentara Bulkiya.<br>Demikian yang dikisahkan<br>Raden Basah menyaksikan<br>(ya) Prawiradirja<br>bahwa Sambirata<br>(telah) dimasuki Laknat. Lalu<br>Raden Basah Prawiradirja segera membunyikan penanda. |
| 11. | Lan sagung Pagĕlen samya,<br>nĕnggih Basah Ngabdul Latip<br>lan Basah Ngabdul Muhyika,<br>pan langkung grĕgutnya sami,<br>Basah tiga puniki,<br>kalawan prajuritipun<br>pan sarĕng praptanira,<br>lawan Raden Dipati[4],<br>pan saking ler lan Seh Ngusman Ali Basah, | Bersama dengan seluruh (bala tentara) Pagelen<br>(yakni) Basah Abdul Latif<br>dan Basah Abdul Muhyika,<br>mereka semua sangat bersemangat.<br>Ketiga Basah<br>dengan prajuritnya<br>bersamaan tibanya<br>dengan Reden Adipati Danureja<br>dari utara dengan Syaikh Usman Ali Basah. |
| 12. | Den Basah Prawiradirja,<br>mapan lajĕng nĕmpuh jurit<br>tan kantun Basah kalihnya<br>**(h.71)** Tumĕnggung Rangga lan Panji,<br><br>nanging kendĕl Ngabehi,<br>ingkang binĕkta puniku,<br>prajurit jajar samya,<br>Pagĕlen tinilar sami,<br>aneng Watĕs saking kidul Basah tiga, | Raden Basah Prawiradirja<br>segera menghadapi pertempuran,<br>tak ketinggalan (dengan) kedua Basah (lainnya)<br>bersama (prajurit golongan) Tumenggung, Rangga, dan Panji.<br>Namun (yang bergolongan) Ngabehi rehat.<br>(Adapun) yang dibawa (dalam perang) yaitu<br>semua prajurit (bergolongan) Jajar.<br>Semua (prajurit) Pagelen ditinggal.<br>Ketiga Basah (menyerang) di Wates dari selatan. |

[4] Kurang satu suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| 13. | Laknat langkung bingungira,<br>kiněpung neng Sambiradin<br>ingkang ler Raden Dipatya,<br>lan Ngusman Li Basah iki,<br>kang kilen ingkang baris<br>Pangran Pakuningrat iku,<br>lawan Cakranagara,<br>Jayapiděksa tan kari,<br>Laknatolah mapan lajěng němpuh ika, | Laknat sangat bingungnya<br>(sebab) dikepung di Sambirata.<br>Raden Adipati Danureja yang (menyerang dari) utara<br>bersama Syaikh Usman Ali Basah.<br>(Adapun) yang bersiaga di sisi barat<br>(yakni) Pangeran Pakuningrat<br>dengan Cakranagara,<br>tidak ketinggalan Jayapideksa.<br>Laknatolah segera menghadapi (pertempuran). |
| 14. | Ngaler ngilen undurira,<br>biněrěg Den Basah iki,<br>pan saking kidul punika,<br>Laknatolah kathah modir,<br>rut lepen marganeki,<br>yun mědal ing marga iku,<br>pan sampun ciněgatan<br>mring Ngusman Li Basah iki,<br>kang tiněmpuh dadya Pangran Pakuningrat | (Laknatolah) mundurnya ke arah barat-laut,<br>(sebab) diserang oleh Raden Basah.<br>Dari sisi selatan<br>banyak Laknatolah (yang) mati.<br>(Mereka) melewati sungai jalannya<br>hendak keluar ke jalan (besar).<br>(Mereka) telah dihadangi<br>oleh Syaikh Usman Ali Basah<br>dan diserang oleh Pangeran Pakuningrat. |
| 15. | Ing Toyakenděl wus prapta,<br>sayah Laknat mogok nuli,<br>mapan langkung pangědrelnya,<br>tan kenděl mariyěmeki,<br>nanging sakědhap iki,<br>Lakna-**(h.72)**-t lajěng lampahipun<br>prapta ing Tunjung nulya<br>samarga dipuntanglědi,<br>bangkenira kěkecer Laknat samarga, | (Laknat) telah sampai di Banyumeneng.<br>(Laknat) kecapekan lalu berhenti.<br>Sangat (ramai) senapannya,<br>tiada henti (serangan) meriamnya,<br>namun (hanya) sejenak.<br>Laknat melanjutkan perjalanannya,<br>(mereka) lalu tiba di Tunjung.<br>Setiap jalan, (mereka) diajak berperang.<br>Bangkai Laknat tercecer di tiap jalan. |

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| 16. | Mogok neng Tunjung punika,<br>Mantrilěbět kawandesi<br>měngkana Sri Naranata,<br>kinen samya tulung jurit<br>Raden Měrtanagari,<br>lan Raden Puthut Laweku,<br>Raden Gandakusuma,<br>sampun mangkat sing ngarsa Ji,<br>sakancanya lawan sampun kathah prapta, | (Mereka) berhenti di Tunjung<br>(yakni prajurit) Mantrijero (sejumlah) empat puluh.<br>Demikian Sang Raja (mengutus seseorang).<br>(Mereka) semua diutus menolong (untuk) bertempur.<br>Raden Mertanegara,<br>Raden Puthut Lawa,<br>Raden Gandakusuma<br>sudah berangkat pergi dari hadapan Raja.<br>(Mereka) dengan kawanannya sudah banyak yang tiba. |
| 17. | Raden Dipati tumingal<br>lan Basah sěkawan iki,<br>yen Mantrilěbět tumědhak<br>dadya langkung ajrih sami,<br>Dolah Rangga lan Panji,<br>Ngabehi pan sarěng němpuh,<br>tan mawi subasita,<br>Laknat yudanya kalindhih<br>langkung kathah bangkenira Laknatollah. | Raden Adipati Danureja melihat<br>bersama keempat Basah<br>bahwa (prajurit) Mantrijero turun.<br>Semua (Laknat) menjadi sangat ketakutan.<br>Dolah, Rangga, dan Panji<br>serta Ngabehi bersama-sama menyerang.<br>Tidak menggunakan perhitungan,<br>serangan Laknat terkalahkan.<br>Semakin banyak bangkai Laknatollah. |
| 18. | Lumajěng pan sampun prapta,<br>Pěnanggulan mogok malih,<br>pan kadya pěngagěngira,<br>usar punika kang kinging,<br>ngantos dangu mogoki,<br>andandani bangkěni-**(h.73)**-pun<br>kang pěngagěng kewala,<br>dene Laknat ingkang alit<br>pan tinilar kěkecer saěnggonira, | (Laknat) berlari (dan) telah sampai<br>Penanggulan. (Mereka) berhenti lagi.<br>Sepertinya pemimpin<br>pasukan berkuda yang terkena.<br>Sampai lama (mereka) berhenti<br>(untuk) merawat jasad<br>yang (bergolongan) pembesar saja.<br>(Adapun) Laknat yang (golongan) kecil<br>(hanya) ditinggal berserakan di berbagai tempat. |
| 19. | Mapan měksa tan kuwawa,<br>Laknat pan lumajěng malih, | Walaupun demikian (mereka) tak sanggup,<br>Laknat berlari lagi. |

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | saya kathah ingkang modar,<br>měngkana kasaput wěngi<br>Eslam pan kenděl sami,<br>mapan dereng untungipun,<br>tan tělas Laknatolah,<br>pan kathah banthanganeki,<br>kang sěnjata kuda měngkana winarna, | Semakin banyak (Laknat) yang mati.<br>Demikian telah terselimuti malam.<br>Semua (pasukan) Islam berhenti.<br>(Namun) belum menjadi keberuntungannya (Laknat).<br>Tiada habisnya (bangkai) Laknatolah.<br>Banyak (bangkai) jasadnya,<br>senjata, dan kuda. Demikian dikisahkan |
| 20. | Eslam pan lujeng sadaya,<br>satunggal nanging kang prapti,<br>ing sabillolah punika,<br>Mas Panji Dasamukeki,<br>liwung pěngamukneki,<br>ngantos putung waosipun<br>ajur kunarpanira,<br>nging kathah anglabět sami,<br>wadya Eslam kenging pelor tan punapa, | semua (pasukan) Islam selamat.<br>(Tetapi hanya) satu yang tiba<br>di perang suci ini<br>(yaitu) Mas Panji Dasamuka<br>(yang) berkobar amarahnya.<br>Sampai patah tombaknya,<br>hancur jasadnya.<br>Namun semua banyak (yang) berjasa dalam perang.<br>Pasukan Islam tiada mengapa (walaupun) terkena peluru. |
| 21. | Seh Muhamad Ngusman Li Basah[5],<br>kenging mriyěm kontal iki,<br>mapan dhawuh saking kuda<br>kudanya lajěng ngěmasi,<br>nanging pitulung Widi,<br>tan pasah Seh Ngusman iku,<br>ma-**(h.74)**-pan wus tan winarna,<br>kawarnaa Sri Bupati,<br>datan arsa kondur dhatěng Sambirata, | Syaikh Muhamad Usman Ali Basah<br>terpental (karena) terkena (peluru) meriam.<br>(Usman Ali Basah) terjatuh dari kuda.<br>Kudanya pun lalu mati.<br>Namun (karena) pertolongan Tuhan,<br>Syaikh Usman Ali Basah tidak terluka.<br>Tidak dikisahkan kembali.<br>Dikisahkan Sang Raja<br>tidak berkehendak kembali menuju Sambirata. |
| 22. | Somadigda kinen karya,<br>něnggih pěsanggrahan malih, | Somadigda diperintah membuat<br>perkemahan lagi |

[5] Lebih satu suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | ing Pĕngasih namanira,<br>mĕngkana Raden Dipati,<br>kinen wangsula malih,<br>dhatĕng pambarisanipun<br>lawan Ngusman Li Basah,<br>dhumatĕng sawetan Pragi,<br>Basah tiga wus kinen mantuk punika, | di (daerah) Pengasih namanya.<br>Demikian Raden Adipati Danureja<br>diperintah kembali lagi<br>(di) barisannya<br>bersama Syaikh Usman Ali Basah<br>menuju barat (sungai) Praga.<br>Ketiga Basah telah diperintah kembali |
| 23. | Mring Watĕs atata-tata,<br>badhe mring Pagĕlen sami,<br>mĕngkana Sri Naranata,<br>mapan mĕsanggrahan mĕksih,<br>mring kĕdhung Gubah iki,<br>angĕntosi dadosipun,<br>gennya karya punika,<br>pĕsanggrahan tan winarni,<br>sampun dadya nulya kondur Nalendra[6] | ke Wates. (Mereka) bersiap-siap<br>hendak menuju Pagelen.<br>Demikian Sang Raja<br>(kembali) berkemah. (Sang Raja) masih<br>(berada) di kedhung Gubah,<br>(sembari) menanti terwujudnya<br>(tempat) yang sedang dikerjakan (yaitu)<br>perkemahan (baru). Tidak dikisahkan.<br>Sudah jadi (perkemahannya). Raja lalu kembali |
| 24. | Mring Pĕngasih sawadyanya,<br>rawuhira tan winarni,<br>mĕngkana Raden Dipatya,<br>mapan tampi suratneki,<br>saking Residhen iki,<br>Palĕk ing Magĕlang iku,<br>Jendral Dhĕ Kok kajĕngnya,<br>pan mĕksa ngajak bĕdha-**(h.75)**-mi,<br>lamun sampun kangge sĕratnya punika | menuju Pengasih bersama pasukannya.<br>Kedatangannya tidak dikisahkan.<br>Demikian Raden Adipati Danureja<br>(telah) menerima surat<br>dari Residhen<br>Palek di Magelang (yang isinya)<br>Jenderal Dhe Kock kehendaknya<br>memaksa (untuk) mengajak berdamai.<br>Jika sudah dimanfaatkan surat tersebut, |
| 25. | Palĕk kinen apĕpanggya,<br>rumiyin lan Den Dipati,<br>mĕngkana atur Nalendra<br>kang surat dhatĕng Pĕngasih,<br>Sang Nata animbali, | Palek diperintah (untuk) bertemu<br>terlebih dahulu dengan Raden Adipati (Danureja).<br>Demikian perkataan sang Raja<br>(bahwa ada) surat (yang tiba) di Pengasih. |

[6] Kurang satu suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | dhumatěng Ki Maja iku,<br>kalawan ingkang paman<br>Kangjěng Pangran Angěbehi,<br>mapan samya tinantun sěrat punika | Sang Raja memanggil<br>Ki Maja<br>dan pamanda<br>Kangjeng Pangeran Ngabei.<br>(Mereka) semua dimintai pendapat (tentang isi) surat tersebut. |
| 26. | Kyai Maja aturira,<br>kalawan Pangeran Behi,<br>kadosa duk jaha[7] lanang,<br>pan langkung tangeh puniki,<br>ngelmi kitab tan kenging[8],<br>yen mawi bědhami tuhu,<br>lamun sampun běra'at[9]<br>yen Kapir tan asrah dhiri,<br>mapan kathah ingkang sěsiku punika, | Perkataan Kyai Maja<br>dan Pangeran Ngabei<br>seperti halnya ketika lelaki Jawa<br>sangat masih minim (perihal)<br>ilmu kitab (atau artinya juga) tidak bisa.<br>Jika sungguh dengan (jalur) berdamai,<br>jika sudah berpasrah diri.<br>Jika Kafir tidak menyerah<br>(maka) banyak (mereka) yang menerima kutukan. |
| 27. | Měkatěn Raden Dipatya,<br>tan suměrěp ngelmi pasthi,<br>botěn wande kalěpatan<br>lamun tamtua kěpanggih,<br>agěng sisikuneki,<br>dhumatěng ing esmunipun[10]<br>wantu dereng uninga,<br>dhatěng sikuning agami,<br>Sri Nalendra dadya dhahar aturira. | Demikian Raden Adipati (Danureja)<br>tidak memahami ilmu kodrati.<br>Tentu (suatu) kesalahan,<br>pasti akan menemui<br>bencana besar.<br>Terhadap penghalaunya<br>bertubi-tubi belum memahami<br>terhadap (bagaimana) aralnya agama.<br>Sang Raja telah mencerna perkataan |
| 28. | **(h.76)** Kang paman lan Kyai Maja,<br>měngkana Raden Dipati,<br>tan kalilan lamun panggya, | pamandanya dan Kyai Maja.<br>Demikian Raden Adipati (Danureja)<br>tidak diizinkan bila bertemu |

[7] Sesuai konteks dibaca: *Jawa*
[8] Kurang satu suku kata
[9] Bahasa Jawa serapan bahasa Arab: *al-bara'ah*
[10] Kata *esmu* (menurut Horne 1974) merujuk kepada tulisan Arab yang digunakan untuk menghalau marabahaya.

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | lan Residhen Kědhu iki,<br>mapan wus tan winarni<br>Jayanagaran winuwus<br>mapan tamiyan měngsah<br>Kurnel Salwe wěstaneki,<br>mapan ngirid sagung wadya ing Ngayogya, | dengan Residen Kedhu ini.<br>Telah tidak dikisahkan.<br>Diceritakan Jayanagara<br>menghadapi musuh<br>(yang) namanya Kurnel Salwe.<br>(Ia) yang membawa seluruh bala tentara dari Yogyakarta |
| 29. | Karya beteng ing Siyangan<br>měngkana dipuntanglědi,<br>mring Raden Jayanagara,<br>sakancanira bupati,<br>ing sakidul Yogjeki,<br>lan wetan Ngayogya iku,<br>myang Prawiratamtama,<br>langkung rame siyang latri,<br>datan nuwun bantu mring Raden Dipatya, | (untuk) membuat benteng di Siyangan.<br>Demikian diperangi<br>oleh Raden Jayanagara<br>(bersama) kawanannya (golongan) bupati<br>di Yogyakarta bagian selatan<br>dan Yogyakarta bagian timur<br>serta (prajurit) Prawiratamtama.<br>Siang malam sangat ramai.<br>(Mereka) tidak memohon bantuan kepada Raden Adipati (Danureja). |
| 30. | Tinantun měksih kaduga,<br>Laknat Kapir kathah modir,<br>měngkana bupati ingkang,<br>prapta ing sabillolahi,<br>kang sěntana Něrpati,<br>Pangran Děmang putranipun<br>Raden Sanakusuma,<br>pan ajur kunarpaneki,<br>pan kělajěng kěloloh pěngamukira, | (Walaupun) ditawarkan masih terduga<br>(bahwa) Laknat Kafir banyak yang tumpas.<br>Demikian (bangsawan golongan) bupati yang<br>sampai pada perang sabil.<br>(Ada pula mereka) yang kerabat Raja,<br>putera Pangeran Demang<br>(yakni) Raden Sanakusuma<br>hancur jasadnya<br>(sebab) telanjur berlebihan amarahnya |
| 31. | Lawan Bugis kalih ika,<br>pan Rangga Dhaeng Markincing,<br>Ngěbehi Dhaeng Marewang,<br>**(h.77)** beteng ing Siyangan dadi, | dengan kedua Bugis tersebut<br>(yakni) Rangga Dhaeng Markincing<br>(dan) Ngabehi Dhaeng Marewang.<br>Benteng di Siyangan telah jadi. |

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | Kurnel Salwen puniki,<br>langkung rěsah prěrangipun<br>wong ngili pinějahan<br>lanang wadon myang běbayi,<br>yen kěcandhak mapan rinampit kewala, | Kurnel Salwen<br>sangat rusuh peperangannya.<br>(Banyak) orang bertubi-tubi dibunuh,<br>(baik itu) lelaki, perempuan, dan bayi.<br>Jika (mereka) tertangkap, hanya dikepung (saja). |
| 32. | Sědaya daya puliha,<br>sabab Laknat kathah modir,<br>sěmana kidul Ngayogja,<br>mapan kathah ingkang sakid,<br>měngkana Den Dipati,<br>mapan arěmbagan iku,<br>lawan Rahaden Basah,<br>Prawiradirja těnapi,<br>Pangeran Behi yun matur ing Sri Nalendra[11], | Semua akan menjadi pulih,<br>sebab Laknat banyak (yang) tumpas.<br>Demikian (pula) di Yogyakarta bagian selatan,<br>banyak yang sakit.<br>Demikian Raden Adipati (Danureja)<br>berunding<br>dengan Raden Basah<br>Prawiradirja begitupula<br>Pangeran Bei hendak melapor kepada sang Raja. |
| 33. | Rahaden Jayanagara,<br>pan denswuwun undurneki,<br>sabab winěstanan tiwas<br>ruměksa ing tanahneki,<br>rěmbag katiga sami,<br>Den Basah lěga tyasipun,<br>marma lami punika,<br>tan dhatěng Pagělen nuli,<br>Raden Basah mapan ewět ing tyasira | Raden Jayanagara<br>diminta kemundurannya<br>sebab dianggap gagal<br>melindungi tanah (kekuasaannya).<br>(Demikian) rundingan ketiga orang semua.<br>Raden Basah Prawiradirja lega hatinya<br>sebab (sudah) lama<br>tidak menuju Pagelen. Lalu<br>Raden Basah Prawiradirja sungkan hatinya |
| 34. | Dhumatěng Rahaden Basah,<br>Ngabdul Latip pan sayěkti,<br>měngkana tiga rěmbagan<br>mapan Basah Ngabdul Latip<br>sinuwun mring Něrpati,<br>giněntosakěn puniku, | terhadap Raden Basah<br>Ngabdul Latif sesungguhnya.<br>Demikian ketiga (orang) berunding<br>(bahwa) Basah Ngabdul Latif<br>dimohon oleh raja<br>(untuk) digantikan |

[11] Lebih satu suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | dhatěng Jayanagara,<br>kadya wus karsaning Widi,<br>**(h.78)** pan ing wěktu punika sagung punggawa, | Jayanagara.<br>Seperti sudah menjadi kehendak Tuhan,<br>pada waktu itu seluruh punggawa |
| 35. | Mapan panas pinanasan,<br>těnapi Ki Maja iki,<br>mapan langkung panasira,<br>dhumatěng Raden Dipati<br>lan dhatěng Pangran Behi,<br>Sang Nata wus uning iku,<br>lamun sagung punggawa,<br>yen měngkono mapan sami,<br>nging Sang Nata wus mupus karsa Ywang Sukma, | saling memanasi hati.<br>Begitu pula Ki Maja<br>sangat panas hatinya<br>terhadap Raden Adipati Danureja<br>dan Pangeran Bei.<br>Sang Raja telah mengetahui<br>bahwa seluruh punggawa<br>semua (berbuat) demikian.<br>Namun sang Raja telah memupus (bahwa itu) kehendak Tuhan. |
| 36. | Měngkana esthining driya,<br>nadyan sirna Laknat Kapir,<br>iya těka těnah Jawa,<br>kaya wus tan bisa mami,<br>mring saliming tyasneki,<br>mring wong Jawa kabeh iku,<br>dadya anglěs tyasira,<br>kagagas kang samya Surgi,<br>marma barang aturnya catur punggawa, | Demikian perkataan dalam hatinya,<br>"Walaupun Laknat Kafir telah tumpas<br>di tanah Jawa,<br>sepertinya aku tak sanggup<br>terhadap keselamatan hati<br>bagi semua orang Jawa.<br>(Sang Raja) menjadi sedih hatinya,<br>teringat semua yang telah meninggal.<br>Maka dari itu seluruh perkataan empat punggawa – |
| 37. | Pangran Behi Kyai Maja,<br>Den Basah Raden Dipati,<br>Sang Nata nurut kewala,<br>sabab ing galih wus sěpi,<br>mring rahmat ing donyeki,<br>kang Sinuhun mring Ywang Agung,<br>pan nanging tětěpira, | Pangeran Bei, Kyai Maja,<br>Raden Basah Prawiradirja, Raden Adipati (Danureja) –<br>sang Raja menuruti saja,<br>sebab di dalam hatinya telah kosong<br>terhadap kelimpahan di dunia.<br>Demikian sang Raja kepada Tuhan. |

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | sagung kang nglampahi sabil<br>lawan adil sagung Islam tanah Jawa, | Namun ketetapannya (dilakukan bagi) semua yang melaksanakan perang sabil dengan adil. Seluruh (umat) Islam di tanah Jawa, |
| 38. | Jalu estri rare ika,<br>angsala supangat Nabi,<br>Muhamad sam kang mustafa,<br>nanging sih **(h.79)** rabilngalamin<br>ing siyang lawan latri,<br>Kangjĕng Sultan kang sinuwun<br>marang Allah Tangala,<br>tĕtĕpe kang amin sami,<br>katrima asabil sahidnya sadaya, | baik laki-laki, perempuan, anak-anak<br>semoga mendapat berkah Nabi<br>Muhammad *sam kang mustafa.*<br>Namun kasih *rabilallamin*<br>di waktu siang dan malam<br>yang dimohon Kangjeng Sultan<br>kepada Allah Ta'ala<br>(yaitu) tetapnya semua yang mengamini (doa),<br>diterima semua sabil sahidnya. |
| 39. | Nganti pih Islamya samya,<br>nglampahi parentah dalil<br>ing Kuran pan ayat kithal<br><br>nanging sih rabilngalamin<br>ing akherat puniki,<br>tĕtĕpa ingkang sinuhun<br>mĕngkana mapan nulya,<br>Raden Jayanagareki,<br>tinimbalan mring Pĕngasih sampun prapta, | Sampai pada (yang) lena Islamnya<br>(dalam) menjalankan perintah dalil<br>dalam Qur'an (namun) kurang lancar dalam pelafalannya.<br>Kasih *Rabilalamin*<br>di akhirat<br>tetaplah yang (selalu) dimohon.<br>Demikian segera<br>Raden Jayanagara<br>dipanggil menuju Pengasih. (Ia) telah tiba. |
| 40. | Tan kantun wadya Tamtama,<br>kana wus dendhawuhi[12],<br>pan samya tumut sĕdaya,<br>mĕngkana wus dendhawuhi,<br>lan Basah Ngabdul Latip<br>tan kalilan mantuk iku,<br>mring Pagĕlen punika, | Tidak ketinggalan prajurit Prawiratamtama.<br>Demikian telah diberi mandat.<br>(Mereka) semua menuruti.<br>Demikian telah diberi perintah,<br>Basah Abdul Latif<br>tidak diizinkan pulang |

[12] Kurang satu suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | mapan kinon anggĕntosi,<br>mring lampahanira Den Jayanagara[13], | ke Pagelen.<br>(Ia) disuruh menggantikan<br>perjalanan (perangnya) Raden Jayanagara. |
| 41. | Prajurit kinen masrahna,<br>myang sagung kang pra dipati,<br>sakidul Yogja sadaya,<br>mring Den Basah Ngabdul Latip<br>mapan wus datan winarna,<br>nanging Tamtama puniku,<br>Ngabehi Panji Rangga,<br>kawa-**(h.80)**-n dasa kathahneki,<br>kĕdah tumut dhatĕng Raden Jayanĕgara[14], | (Ia) disuruh menyerahkan prajurit<br>dan seluruh adipati<br>Yogyakarta bagian selatan<br>kepada Raden Basah Abdul Latif.<br>Sudah tidak diceritakan.<br>Namun (prajurit) Tamtama<br>(golongan) Ngabehi, Panji, Rangga<br>empat puluh banyaknya<br>harus mengikuti Raden Jayanegara. |
| 42. | Mĕngkana karsa Nalendra,<br>Raden Jayanĕgareki,<br>kinarya sisahanira[15],<br>Raden Puthut Lawa malih,<br>prajurit Tamtameki,<br>kawan dasa dadya iku,<br>mapan sisiyanira,<br>lawan Mantrilĕbĕt malih,<br>sabab Raden Tumĕnggung Martanagara, | Demikian kehendak Raja<br>(supaya) Raden Jayanegara<br>dijadikan pendampingnya.<br>Raden Puthut Lawa juga<br>prajurit Tamtama<br>(sejumlah) empat puluh menjadi<br>pendampingnya,<br>begitu juga (prajurit) Mantrijero.<br>Sebab Raden Tumenggung Martanagara |
| 43. | Lan Raden Gandakusuma,<br>karsanira Sang Bupati,<br>kinarya Basah ing Rema,<br>Mantrilĕbĕt tumut sami,<br>kabĕktanya pribadi,<br>mĕngkana wus tan cinatur,<br>pan lajĕng kinen mangkat<br>Basah tiga badhe iki,<br>nging Pinilih ingkang tan kalilan bĕkta, | dan Raden Gandakusuma,<br>(menuruti) kehendak sang Raja<br>(mereka) dijadikan Basah di Rema.<br>Seluruh (prajurit) Mantrijero mengikuti<br>(sebab) dibawanya (secara) pribadi.<br>Demikian sudah tidak dikisahkan.<br>(Mereka) segera disuruh berangkat<br>ketiga Basah itu.<br>Namun (prajurit) Pinilih tidak diizinkan |

[13] Kurang satu suku kata
[14] Lebih satu suku kata
[15] Sesuai konteks dibaca: *sisihanira*

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | | dibawa. |
| 44. | Binantonkĕn Den Dipatya,<br>sĕdaya tan wontĕn keri,<br>Burkiya Barkiya ika,<br>Karkiyu Suraya sami,<br>Mandhung Wanengprang iki,<br>lan Basah Pagĕlen iku<br>Ngabdul Muhyi punika,<br>saking Watĕs budhal sami,<br>prapta Ngĕlak lajĕng pinĕthukĕn yuda, | (Prajurit yang) diperbantukan Raden Adipati Danureja<br>semua tiada yang tertinggal<br>(yakni) Burkiya, Barkiya,<br>Karkiyu, Suraya,<br>Mandhung, Wanengprang.<br>Bersama Basah Pagelen<br>(yakni) Ngabdul Muhyi<br>(mereka) berangkat dari Wates.<br>Sesampainya (di) Ngelak, lalu dipertemukan (dalam) pertempuran. |
| 45. | Nanging lĕt lĕrĕng punika,<br>dennya jĕng-ngajĕngan bari-**(h.81)**-s<br>dadya namung mariyĕman<br>tan ana kang miyatani,<br>nĕngna kang lagya jurit<br>Ki Maja ingkang winuwus<br>sampun karsaning Sukma,<br>tan marĕm ing tiyasneki,<br>wĕling atur mring Pangran Behi nulya[16], | Namun hanya sejenak<br>di saat mereka saling beradu.<br>Hanya (serangan) meriam,<br>tidak ada yang dapat diandalkan.<br>Didiamkan (kisah) yang sedang berperang.<br>Ki Maja (kini yang) dikisahkan.<br>Sudah (menjadi) kehendak Tuhan,<br>tidak puas hatinya.<br>(Ia) segera berpesan kepada Pangeran Bei (untuk) |
| 46. | Nuwun pamit mring Nalendra,<br>yun nglampahi pĕrlu iki,<br>ngahen[17] ayun angradina,<br>Pajang lan nuhun dentĕr jurit[18]<br>gangsal atus puniki,<br>Bulkiya kang tigang atus<br>Seh Usman Ali Basah,<br>punika ingkang pangirid<br>Mangkuyuda lan Tumĕnggung Brajayuda, | memohon pamit kepada sang Raja,<br>“(Aku) hendak menjalankan (suatu) keperluan<br>hendak berhadapan menghabisi (musuh di)<br>Pajang serta memohon (untuk) diantarkan prajurit<br>(sejumlah) lima ratus (orang),<br>(prajurit) Bulkiya (sejumlah) tiga ratus (orang). |

[16] Kurang satu suku kata
[17] Sesuai konteks dibaca: *ngab#n*
[18] Lebih satu suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | | Syaikh Usman Ali Basah<br>yang (menjadi) pengiring.<br>Mangkuyuda dan Tumenggung Brajayuda |
| 47. | Samya nyatus prajuritnya,<br>jangkěp gangsal atus iki,<br>mapan langkung tiga wělas<br>lan kanca Měthakan sami,<br>anak Urawan iki,<br>mapan inggih kula suwun<br>lan Tuměnggung ing Pajang,<br>ingkang kapělajěng sami,<br>mapan badhe kula antukakěn samya, | semua berjumlah ratusan prajuritnya.<br>Lengkap (sejumlah) lima ratus (prajurit)<br>lebih tiga belas (prajurit).<br>Dan juga semua kawan Methakan –<br>anak Urawan<br>juga kuminta.<br>Begitupula Tumenggung di Pajang<br>yang kabur<br>hendak aku pulangkan semua.” |
| 48. | Pangran Behi angandika,<br>yen kenging boksampun Kyai,<br>ingkang ngadhěp Sri Nalendra,<br>mapan tan wontěn Kyai[19],<br>kula sring **(h.82)** kesah ugi,<br>Ki Maja mapan sumaur,<br>kados pundi Pangeran<br>yen tan croceker pribadi,<br>mapan kathah inggih anak putu kula, | Pangeran Bei berkata,<br>“Jika mau, ya sudah (lebih baik) Kyai<br>yang menghadap sang Raja.<br>Tidak ada (masalah), Kyai.<br>Saya juga sering bepergian.”<br>Ki Maja menjawab,<br>“Bagaimana, Pangeran<br>jika aku tidak mencari pangan?<br>Banyak anak cucuku, |
| 49. | Punapa ingkang tinědha,<br>ing benjing wěkasaneki,<br>pedah Sampeyan sěntana,<br>nganggura dipuningoni,<br>lan sagung senapati,<br>yen Sampeyan gadhah kayun<br>inggih mangsa lěpata,<br>pan kawula tiyang alit<br>lamun botěn Pangeran pados pribadya, | apa yang (akan) dimakan<br>esok pada akhirnya?<br>(Hanya sebab) Anda kerabat (raja),<br>menganggur saja (tetap) diperhatikan<br>oleh seluruh senapati.<br>Jika Anda memiliki keinginan<br>pasti tiada salahnya.<br>(Sedangkan) aku (hanya) rakyat jelata,<br>jika bukan pangeran mencari sendiri. |

[19] Kurang satu suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| 50. | Pangeran Ngabehi nĕbda,<br>punika geseh Kiyai,<br>atur dika mring Nalendra,<br>nĕnggih parentah ing dalil<br>nanging anglar agami,<br>punika salamenipun<br>yen niyat ngulari tĕdha,<br>mapan batas sabilneki,<br>datan angsal pan mindhak angsal duraka, | Pangeran Ngabei berkata,<br>“Itu keliru, Kyai.<br>Perkataan Anda kepada Raja<br>merupakan perintah dalam dalil,<br>namun melanggar agama.<br>Itu selamanya<br>jika berniat mencari makan<br>(hingga belum) berakhir perang sabil,<br>tidak boleh, (daripada) semakin mendapat durhaka. |
| 51. | Yen amrih tĕdha kewala,<br>pan sampun rampung rumiyin<br>punika duk jahalanang,<br>Ki Maja sumaur bĕcik<br>Sampeyan anyagĕdi,<br>rumiyin kawula iku,<br>sĕda-**(h.83)**-ya kang parentah,<br>Sri Nalendra nanging drĕmi,<br>pan ing mangke wontĕn Rahaden Dipatya, | Jika hanya mengupayakan pangan saja,<br>itu sudah selesai sejak dahulu<br>ketika *jahalanang.*”<br>Ki Maja menjawab (dengan) baik,<br>“Anda menyanggupi<br>dahulu. Aku ini<br>semua yang perintah,<br>(sementara) sang Raja hanya sekadar menjalankan.<br>Nantinya ada Raden Adipati (Danureja).” |
| 52. | Pangeran Behi ngandika,<br>sĕnadyan mangke Kiyahi,<br>pan mĕksih wontĕn andika,<br>parentahira Nrĕpati,<br>ingkang inggil pribadi,<br>lamun mĕkotĕn puniku,<br>dika punapa trima,<br>kaprentah Raden Dipati,<br>sabab Basah aprentah adhi Danurja, | Pangeran Bei berkata,<br>“Walaupun nanti, Kyai,<br>masih ada beliau<br>(menjadi) perwakilan Raja<br>yang tinggi sendiri.<br>Jika demikian,<br>(apakah) Anda terima<br>(bila) diperintah Raden Adipati (Danureja)?<br>Sebab Basah diperintah adinda Danureja. |
| 53. | Yen mĕkotĕn karĕp dika,<br>nuwun dadi Basah iki,<br>puniku wĕkasanira, | Jika demikian kemauan Anda,<br>mintalah menjadi Basah.<br>Begitu pada akhirnya.” |

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | Ki Maja saurireki,<br>sintěn-sintěn puniki,<br>kang parentah inggih purun,<br>nadyan wontěn nginggila,<br>kalamun botěn pěkasil,<br>gih Pangeran punika mindhak punapa, | Ki Maja jawabnya,<br>“Siapapun itu<br>yang memerintah tentu mau.<br>Walaupun berada di (strata) atas,<br>namun tidak berhasil,<br>(lalu) Pangeran itu menjadi apa (faedahnya)?” |
| 54. | Gumujěng Kangjěng Pangeran<br>dene těka geseh Kyai,<br>kalawan atur andika,<br>mring Nata sělamineki,<br>Ki Maja saurneki,<br>Sampeyan tan uning tuhu,<br>lamun ngelmi punika,<br>mawi těnajul lan turki,<br>Pangran Be-**(h.84)**-hi mesěm aris angandika, | Kangjeng Pangeran Bei tertawa,<br>“Menjadi keliru, Kyai<br>dengan segala perkataan Anda<br>kepada Raja selama ini.”<br>Ki Maja jawabnya,<br>“Anda benar-benar tidak memahami<br>bahwa ilmu itu<br>dengan *tanazul* dan *taraqqi*[20].”<br>Pangeran Bei senyum (dan) berkata halus, |
| 55. | Kyai wědi kawula[21],<br>lamun matura pribadi,<br>pan anging ngatur kawula,<br>andika matur pribadi,<br>měngkana sampun kering,<br>prapta ngarsa kang Sinuhun<br>sampun katur niskara,<br>mesěm Sang Nata nglilani,<br>pan wus uning sakajěngira Ki Maja, | “Kyai, saya takut<br>jika hendak berkata (secara) pribadi.<br>Saya hanya menghaturkan (maksud),<br>(lalu) Anda berkata (secara) pribadi.”<br>Demikian sudah diantarkan<br>(dan) tiba di penghadapan sang Raja.<br>Telah dihaturkan segala duduk perkaranya.<br>Sang Raja senyum (dan) mengizinkan.<br>(Sang Raja) telah mengetahui segala keinginan Ki Maja. |

[20] *Tanazul* dan *taraqqi* adalah dua istilah yang sering digunakan oleh kalangan Sufi dalam menggambarkan antara relasi antara hamba dengan Tuhan. *Tanzul* ialah respon positif dari Tuhan terhadap upaya yang penuh kesungguhan (*muhajadah*) seorang hamba yang digambarkan seolah-olah Tuhan turun menjemput kekasih-Nya. *Taraqqi* ialah perjalanan spiritual seorang hamba dalam upaya mendaki mendekati Tuhannya.

[21] Kurang satu suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| 56. | Nanging ingkang tyas Nalendra,<br>mapan wus sĕdya ngantĕpi,<br>sĕbarang kang wus kawĕdal,<br>ngandika mring Pangran Behi,<br>kinen maringi tulis<br>mring Raden Dipati iku,<br>barang panuhunira,<br>Ki Maja wus denlilani,<br>sampun lengser kalih sing ngarsa Nalendra, | Namun isi hati sang Raja<br>telah berkehendak memantapkan<br>segala yang telah diutarakan.<br>(Sang Raja) berkata kepada Pangeran Bei.<br>(Pangeran Bei) diminta memberi surat<br>kepada Raden Adipati (Danureja)<br>segala keperluannya.<br>Ki Maja telah diizinkan (pergi)<br>(dan) telah mundur keduanya dari hadapan Raja. |
| 57. | Mĕngkana wus tan winarna,<br>Kawarnaa ingkang jurit,<br>Den Basah Prawiradirja,<br>lawan Basah Ngabdul Muhyi,<br>Raden Martanagari,<br>mapan tanpa wĕkas iku,<br>lĕt lĕrĕng mariyĕman<br>tan kendĕl ing siyang latri,<br>dadya rĕmbag dalu samya jĕbol ika, | Demikian telah tidak dikisahkan.<br>Diceritakan yang berperang.<br>Raden Basah Prawiradirja<br>bersama Basah Ngabdul Muhyi,<br>Raden Martanagara.<br>Tiada usainya<br>*Let lereng* dimeriami,<br>tiada henti siang malam.<br>Menjadi rundingan (mereka), pada malam hari semua (hendak) kabur |
| 58. | Mĕdal pinatak marganya,<br>Laknat mapan tan udani,<br>eca dennya **(h.85)** mariyĕman<br>Raden Basah gĕlarneki,<br>sagung Maosan sami,<br>ingkang kinen baris iku,<br>sampun prapta ing Kroya,<br>Basah tiga badhe sami,<br>myang prajurit pan datan kantun sadaya, | melalui gorong-gorong jalannya.<br>Laknat tidak mengetahui,<br>(sebab) asyik ketika menembakkan meriam.<br>Raden Basah Prawiradirja tata barisannya<br>(didukung) seluruh (abdi) Maosan.<br>(Para abdi) yang diperintah bersiaga<br>telah sampai di Kroya.<br>Ketiga Basah tidak lama kemudian sampai,<br>tak tertinggal beserta semua prajuritnya. |
| 59. | Sangĕt samya sayahira,<br>sabab dalu lampahneki,<br>arip lawan mĕdal ngarga, | Semua sangat kecapekan,<br>sebab malam hari perjalanannya<br>(dengan) mengantuk dan melalui gunung. |

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | marma samya tilĕm iki,<br>tan nyana dentututi,<br>prajurit pan samya cucul<br>kalawan Basahira,<br>Laknat prapta ngĕpung nuli,<br>lajĕng ngĕdrel sinarĕng mariyĕmira, | Maka dari itu (mereka) semua tertidur.<br>Tidak terduga (bahwa mereka) diikuti (Laknat).<br>Semua prajurit dilucuti<br>beserta Basahnya.<br>Laknat tiba segera mengepung,<br>lalu menembaki disertai menembak (dengan) meriam. |
| 60. | Langkung gugup Raden Basah,<br>lan sagung prajurit sami,<br>nambur nylompret lan dandan[22],<br><br>nĕnggih Basah Ngabdul Muhyi,<br>ingkang mĕdal rumiyin,<br>lan ngirid lan usar sagung,<br>ing Pagĕlen sadaya,<br>ing jawi dhusun wus prapti,<br>lagya baris pan lajĕng binujung nulya, | Raden Basah Prawiradirja sangat gugup<br>dan seluruh prajurit bersama-sama<br>membunyikan genderang, meniup *slompret,* dan bersiap.<br>Basah Ngabul Muhyi<br>yang keluar terlebih dahulu<br>dengan membawa seluruh pasukan berkuda<br>semua di Pagelen<br>(tepatnya) di luar desa. (Mereka) telah sampai<br>sedang berbaris lalu segera dihadapi |
| 61. | Dhatĕng usar Laknatolah,<br>mĕngkana sagung prajurit<br>riwus denira adandan<br>mapan sarĕng mĕdal sami,<br>tan ngantos tata iki,<br>La-**(h.86)**-knat lajĕng nĕmpuh purun<br>mariyĕm wus tan munya,<br>nanging ngĕdrel sĕnjata lit<br>mapan nanging sĕnjata mungĕl ping tiga, | oleh pasukan berkuda Laknatollah.<br>Demikian seluruh prajurit.<br>Setelah bersiap diri,<br>(mereka) semua bersama-sama keluar.<br>Belum sampai (semuanya) tertata,<br>Laknat lalu berani melawan.<br>Meriam telah tidak berbunyi,<br>namun menembaki (musuh) dengan senjata kecil,<br>senjata (itu) sampai berbunyi tiga kali. |
| 62. | Islam sarĕng enjingira,<br>mapan nurut kukus sami,<br>pan lajĕng caruk kewala, | Setelah pagi hari, (pasukan) Islam<br>semua menyusuri asap,<br>lalu bercampur saja |

[22] Kurang satu suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | sagkuh lawan waos iki,<br>Laknat mapan kalindhih,<br>Raden Prawiradirjeku,<br>měngkana wuwusira,<br>mring Raden Martanagari,<br>lamun kangmas tan nělasakěn punika, | bayonet dan tombak.<br>Laknat terkalahkan.<br>(Dikisahkan) Raden Prawiradirja.<br>Demikian perkataannya<br>kepada Raden Martanagara,<br>“Jika kakanda tidak menghabisi (Laknat), |
| 63. | Mapan wande dados Basah,<br>sarěng miarsa puniki,<br>Den Měnggung Martanagara,<br>pan langkung bramantyaneki,<br>kalawan ingkang rayi,<br>Raden Gandakusumeku,<br>wus nir sagung ing beya,<br>pan liwung pěngamukneki,<br>ngantos putung waos agěmnya pribadya, | (maka) kakanda gagal sebagai Basah.”<br>Setelah mendengar (perkataan) tersebut,<br>Raden Tumenggung Martanagara<br>sangat marahnya<br>dengan adindanya –<br>Raden Gandakusuma –<br>(yang) telah nihil seluruh janjinya.<br>(Raden Martanagara) kemarahannya memuncak<br>sampai patah tombak milik pribadinya. |
| 64. | Nulya nyandhak malih ika,<br>waos ampilanireki,<br>Den Basah Prawiradirja,<br>tilarane Kangjěng Gusti,<br>Basah ingkang suwargi,<br>Kyai Macan namanipun,<br>dadya tělas sadaya,<br>Laknat kědhik ing-**(h.87)**-kang urip<br>Mayor Bokus lan Raden Sindunagara, | (Raden Martanagara) mengambil lagi<br>tombak pinjaman dari<br>Raden Basah Prawiradirja,<br>(tombak) warisan dari Kangjeng Gusti<br>Basah yang terdahulu,<br>namanya Kyai Macan.<br>Semua menjadi habis.<br>Sedikit Laknat yang hidup.<br>Mayor Buyskess lan Raden Sindunagara, |
| 65. | Kalih pan samya lumaywa,<br>nging Sindunagara kanin<br>mapan kantun waosira,<br>wasiyat namanireki,<br>Ki Cothamaleki[23], | keduanya bersama-sama hendak berlari.<br>Namun Sindunagara terluka,<br>(hanya) tinggal tombaknya<br>(yang merupakan) wasiat. Namanya<br>Ki Cothamala. |

[23] Kurang satu suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | bangke Laknat mapan tumpak<br>lan kang kěkecer samya,<br>pitungatus kathahneki,<br>wadya Islam ingkang prapta sabillolah, | Jasad Laknat bertumpuk<br>dan (ada pula) yang tercecer.<br>Tujuh ratus banyaknya<br>prajurit Islam yang mengikuti perang sabil. |
| 66. | Pan Lurah Mandhung satunggal<br>Mas Behi Niti raneki,<br>prajurit tatu sadasa,<br>nanging samya tan punapi,<br>kathah bandhanganeki,<br>mapan warna-warna iku,<br>mariyěm kalih punika[24],<br>sapelor sěndawaneki,<br>sěnjata lit tigangatus myang sandhangan, | (Ada) seorang Lurah (prajurit) Mandhung namanya Mas Ngabehi Niti.<br>Prajurit (yang) terluka (ada) sepuluh (orang),<br>namun (mereka) semua tidak apa-apa.<br>Banyak halangannya<br>(dan) bermacam-macam.<br>Kedua meriam<br>beserta peluru (dan) mesiunya,<br>senjata kecil (sebanyak) tiga ratus beserta pakaiannya. |
| 67. | Punika mapan Andhungan<br>myang badhe Sangkělat iki<br>yatra mapan kathah ika,<br>kapal punika kějawi,<br>angsalnya tiyang[25] siti,<br>wus radin Pagělen iku,<br>ingkang těngah punika,<br>Raden Basah lajěng iki,<br>dhatěng Rema kenděl dhusun Lajěr ika. | (Senjata) itu (bernama) Andhungan<br>dan *badhe* Sangkelat.<br>(Pasokan) uang banyak,<br>kecuali kuda<br>(hanya) dapatnya (sebanyak) tiga (petak) tanah.<br>Sudah rata (di) Pagelen<br>yang (berada di) tengah itu.<br>Raden Basah berlari<br>menuju Rema (dan) beristirahat (di) desa Lajer. |
| 68. | Nětěpakěn Raden Basah,<br>Měrtanagara pu-**(h.88)**-niki,<br>prajurit Rema sadaya,<br>lan Pagělen kilen prapti, | (Ia yang) menetapkan – Raden Basah Mertanegara –<br>semua prajurit Rema<br>dan Pagelen barat (yang telah) tiba. |

[24] Lebih satu suku kata
[25] Sesuai konteks: *tigang*

| **No.** | **Alih Aksara** | **Terjemahan** |
|---|---|---|
| | duk nguni mapan sami,<br>prajurit ngungsi mring gunung,<br>nging Dolah Panji Rangga,<br>kang samya dhatěng Měntawis<br>sampun pěpak sewu prajurit sadaya, | Dahulu, semua<br>prajurit mengungsi ke gunung.<br>Namun para Dolah, Panji, Rangga<br>yang bersama-sama menuju Mataram<br>telah siap (beserta) semua seribu prajurit |
| 69. | Pagělen kilen punika,<br>kang těngah sewu pribadi,<br>Basah Ngabdul Muhyi ika,<br>nanging ingkang wetan měksih,<br>kancikan Laknat iki,<br>měngkana ingkang winuwus<br>Kurnel Kalerěs ika,<br>mapan langkung něpsuneki,<br>ing risake Mayor Bokus balinira, | Pagelen barat.<br>(Adapun) yang (di) tengah (ada) seribu jiwa<br>(yang dipimpin oleh) Basah Abdul Muhyi.<br>Namun yang (berada di) timur masih<br>Dikuasai Laknat.<br>Demikian yang dikishkan,<br>Kolonel Kaleres<br>sangat marahnya<br>terhadap cideranya Mayor Buyskes. Pulangnya |
| 70. | Kiněrig sagung kělana,<br>Kurnel nindhihi pribadi,<br>datan kantun Mayor ika,<br>langkung kathah balaneki,<br>mapan wus budhal iki,<br>sing Kědhung Mahesa iku,<br>měngkana Raden Basah,<br>Prawiradirja puniki,<br>mapan sampun ingaturan uning ika, | diiringi seluruh pengembara.<br>Kolonel Kaleres yang menghadapi sendiri.<br>Tidak ketinggalan Mayor.<br>Sangat banyak prajuritnya.<br>(Mereka) telah berangkat<br>dari Kedhung Kebo.<br>Demikian Raden Basah<br>Prawiradirja<br>telah diberitahu |
| 71. | Mring Basah Ngabdul Muhyika,<br>lamun Laknat andhatěngi,<br>mapan langkung kathahira,<br>nulya Raden Basah i-**(h.89)**-ka,<br>nata sagung prajurit<br>nanging tadhah karsanipun<br>Basah Ngabdul Muhyika,<br>ingkang kinen baris ngarsi, | oleh Basah Abdul Muhyi<br>bahwa Laknat menghampiri<br>sangat banyaknya.<br>Raden Basah Prawiradirja<br>menata seluruh prajurit,<br>namun kehendaknya (untuk) menghadang.<br>(Sementara) Basah Abdul Muhyi<br>yang diminta baris di depan. |

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | mapan samya prajurit pinara tiga, | Semua prajurit dibagi tiga. |
| 72. | Den Basah Martanagara,<br>kang dadya pěngawak kering,<br>kanan Den Prawiradirja,<br>něnggih Basah Ngabdul Muhyi,<br>minangka dhadhaneki,<br>měngkana katingal sampun,<br>Laknat pan lajěng ika,<br>tata baris ngědrel nuli<br>pan binarung kalawan mariyěmira, | Raden Basah Martanagara<br>yang menjadi pemimpin sisi kiri,<br>(sementara sisi) kanan Raden Basah Prawiradirja.<br>Basah Abdul Muhyi<br>sebagai dadanya.<br>Demikian telah terlihat,<br>Laknat segera<br>menata barisan lalu menembaki (musuh).<br>Bersamaan (tembakannya) dengan meriamnya. |
| 73. | Prajurit Pagělen těngah,<br>pan kalindhih yudaneki,<br>biněrěk mring Laknatolah,<br>Basah Prawiradirjeki,<br>mapan nulya ngabani,<br>nyabět saking kanan iku,<br>Basah Martanagara,<br>ingkang nyabět saking kering,<br>Laknatolah mapan kathah ingkang modar, | Prajurit Pagelen sisi tengah<br>terkalahkan perangnya<br>(sebab) diserang oleh Laknatolah.<br>Basah Prawiradirja<br>segera memandu<br>(supaya prajurit) menyerang dari sisi kanan.<br>(Sementara) Basah Martanagara<br>yang menyerang dari sisi kiri.<br>Laknatolah banyak yang mati. |
| 74. | Kalindhih Laknat yudanya,<br>Eslam mapan běrěg sami,<br>Kurnel mapan langkung kurdha,<br>gya ngabani usarneki,<br>Kělana kang pangirid,<br>Kapitan Uta puniku,<br>nulya anginum sa-**(h.90)**-mya,<br>wus tan sědya mundur urip<br>gulung majěng Pělangkir ingkang lumaywa, | Laknat terkalahkan perangnya.<br>(Pasukan) Islam semua menyerang.<br>Kolonel Kaleres sangat marah,<br>segera memandu pasukan berkudanya.<br>Kelana yang (menjadi) pemandu.<br>Kapitan Uta<br>segera minum.<br>(Mereka) tak bersedia mundur (dalam keadaan) hidup.<br>(Laknat) maju melawan, (sementara prajurit) Pelangkir yang berlari. |

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
| --- | --- | --- |
| | | |
| 75. | Dadya wangsul malih samya,<br>lajěng campuh ing ajurit,<br>usar mapan samya usar,<br>dharat panggih lan Pělangkir,<br>langkung ramening jurit<br>mapan dereng untungipun<br>tan tělas Laknatolah,<br>samya wuru ing ajurit<br>Den Tuměnggung Gandakusuma winarna, | (Mereka) semua menjadi kembali lagi<br>lalu bertemu dalam peperangan.<br>Pasukan berkuda bersama pasukan berkuda.<br>(Pasukan Laknat) darat bertemu dengan Pelangkir.<br>Sangat ramai peperangannya.<br>Belum (menjadi) keberuntungannya,<br>tiada habis Laknatolah<br>(yang) bersama-sama mabuk dalam peperangan.<br>Dikisahkan Raden Tumenggung Gandakusuma |
| 76. | Kenging mriyěm wěntisira,<br>dhawah kudanya ngěmasi,<br>nging Raden Gandakusuma,<br>angsal pitulung Ywang Widi,<br>labět datan punapi,<br>měngkana kasaput dalu,<br>lajěng sapih kang yuda,<br>Laknatolah kathah modir,<br>bangkenira pan biněkta mundur samya | pahanya terkena (peluru) meriam.<br>Kudanya jatuh dan mati.<br>Tetapi Raden Gandakusuma<br>mendapat pertolongan Tuhan,<br>tidak apa (walaupun terluka).<br>Demikian (telah) tertutupi malam,<br>lalu berpisah yang berperang.<br>Laknatolah banyak yang mati.<br>Semua dibawa mundur jasadnya |
| 77. | Kang agěng-agěng kewala,<br>Laknat bangkenya kang alit<br>tinilar mapan gělasah<br>měngkana Eslam kang prapti,<br>dhatěng sabillolahi,<br>Dolah Santaduwiryeku,<br>lawan Citraduwirya,<br>Mas Panji Singa puniki,<br>ingkang labět Jajar Eslam kawan wělas | yang besar-besar saja.<br>(Sementara) jasadnya Laknat yang kecil<br>ditinggal tercecer.<br>Demikian (pasukan) Islam yang tiba<br>dalam perang sabil.<br>(Mereka adalah) Dolah Santaduwirya<br>beserta Citraduwirya<br>Mas Panji Singa.<br>(Mereka) yang tergabung (dalam golongan) Jajar Islam empat belas. |

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | | |
| 78. | **(h.91)** Nanging samya tan punapa,<br>dadya pur samya durneki,<br>měngkana pan sarěng enjang,<br>Laknat tan mědali malih,<br>lajěng mundur mring Kěmit<br>měngkana ingkang winuwus<br>Raden Prawiradirja,<br>nantun mring kang rama iki,<br>Raden Basah Martanagara punapa. | Namun semua tiada (suatu) apa,<br>(walaupun) menjadi kalah dalam peperangan.<br>Demikian setelah pagi,<br>Laknat tidak mengerahkan (pasukan) lagi,<br>lalu mundur menuju Kemit.<br>Demikian yang dikisahkan.<br>Raden Prawiradirja<br>meminta persetujuan pada ayahandanya,<br>“Raden Basah Martanagara apakah |
| 79. | Kědugi sampun dentilar,<br>ruměksa mring bawahneki,<br>Den Basah Martanagara,<br>wangsulanira kadugi,<br>lawan běrkat Něrpati,<br>měngkana Pagělen sampun<br>kilen lawan kang těngah,<br>padhang Laknat mapan sami,<br>neng jro beteng sampun datan sagěd mědal | mampu sudah Anda tinggal<br>(untuk) mengayomi bawahannya.”<br>Raden Basah Martanagara<br>Jawabannya, “Mampu,<br>dengan berkat Raja,<br>demikian sudah Pagelen<br>barat dan yang tengah<br>(telah) usai (berperang). Semua Laknat<br>berada di dalam benteng tidak dapat keluar.” |
| 80. | Den Basah Prawiradirja,<br>měngkana ing karsaneki,<br>mring Pagělen ingkang wetan<br>mapan měksih pětěng iki,<br>pan nulya dentaněmi,<br>Basah něnggih putranipun<br>Pangran Behi punika<br>dados Dolah Karkiyeki,<br>namanira Raden Prawirakusuma, | Raden Basah Prawiradirja.<br>Demikian kehendaknya<br>untuk Pagelen sisi timur<br>(yang) masih suram (keadaannya).<br>Segera ditempatkan<br>(seorang) Basah yakni putera dari<br>Pangeran Bei<br>menjadi Dolah Karkiya<br>namanya Raden Prawirakusuma. |
| 81. | Dados jangkěp Basah tiga,<br>Pagělen wus pulih malih,<br>Den Basah Prawiradirja, | Menjadi lengkap (dengan) tiga Basah,<br>Pagelen sudah pulih kembali.<br>Raden Basah Prawiradirja |

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | nĕnggih ingkang dentĕnggani,<br>ta-**(h.92)**-nĕmannya pribadi,<br>neng Bagĕlen wetan iku,<br>tan mawi tur uninga,<br>dhumatĕng Sri Narapati,<br>dennya ngangkat Den Basah Prawiradirja, | yang ditunggui<br>(adalah) tancaban pribadinya<br>di Bagelen timur itu.<br>Tanpa memberitahu<br>kepada sang Raja<br>di saat mengangkat (yakni) Raden Basah Prawiradirja |
| 82. | Dhumatĕng Rahaden Basah,<br>Prawirakusuma iki,<br>mĕngkana pan wus lama[26],<br>nging Laknat tan sagĕd mijil<br>Pagĕlen padhang sami,<br>Raden Basah nulya mantuk<br>mring Mĕntaram sawadya,<br>kuswa mapan datan kari,<br>lajĕng sohan dhumatĕng Sri Naranata, | kepada Raden Basah<br>Prawirakusuma.<br>Demikian telah lama<br>Laknat tidak dapat keluar.<br>Seluruh Pagelen (menjadi) cerah.<br>Raden Basah segera pulang<br>menuju Mataram bersama bala tentara<br>prajurit tiada tertinggal.<br>(Mereka) lalu menghadap kepada Raja |
| 83. | Angaturakĕn bandhangan<br>nĕnggih kang mariyĕm kalih,<br>lan waos Cathamalela,<br>myang pelor sundawaneki,<br>kalawan matur malih,<br>kĕlamun Pagĕlen iku,<br>wetan Panti nanĕman<br>Basah Dolah Karkiyeki,<br>dene ingkang kawula gĕntoskĕn ika, | menghaturkan jarahan<br>yaitu kedua meriam<br>dan tombak (Kyai) Cathamalela<br>beserta peluru (dan) mesiunya.<br>(Mereka) mengatakan pula<br>bahwa Pagelen<br>timur Panti menempatkan<br>Basah Dolah Karkiya.<br>"Adapun yang saya gantikan |
| 84. | Nĕnggih pun Sura Mustafa,<br>kang uni Panjinireki,<br>nĕnggih di Dalĕm Karkiya,<br>mesĕm Nata ngandika ris<br>ya wus tarima mami,<br>myang sarupaning sagung[27], | adalah Sura Mustafa<br>yang dahulu Panji-nya<br>adalah abdi Paduka (bernama) Karkiya."<br>Sang Raja bersenyum dan berkata halus,<br>"Ya, sudah aku terima (laporan Anda)<br>beserta seluruh golongan |

[26] Kurang satu suku kata
[27] Kurang satu suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | kang padha ngangkat karya,<br>nanging tyasira Něrpati,<br>e-**(h.93)**-smu gěla mring Basah Prawiradirja, | yang bersama-sama melaksanakan tugas."<br>Namun hati Raja<br>nampaknya kecewa kepada Basah Prawiradirja |
| 85. | Sabab andhingini karsa,<br>ing nguni pan tan winěling,<br>lamun Pagělen kang wetan<br>něnggih kinen ananěmi,<br>Basah wus tan winarni,<br>měngkana Ki Maja iku,<br>mapan sampun lumampah,<br>dhumatěng sawetan Pragi,<br>nging sědaya lan Seh Usman Ali Basah, | sebab mendahului kehendaknya.<br>Pada waktu itu (Prawiradirja) tidak diingatkan<br>bahwa Pagelen timur<br>diminta untuk ditempati.<br>Basah Prawiradirja tidak dikisahkan.<br>Demikian Ki Maja<br>telah berjalan<br>menuju timur sungai Praga<br>(bersama) semua (rombongan) dan Syaikh Usman Ali Basah. |
| 86. | Seh Ngusman ayun mopoa,<br>ajrih tambi lan Něrpati,<br>yun tumut datan kaduga,<br>dhumatěng Ki Maja iki,<br>lawan Dolah satunggil,<br>Seh Kaji Ngabdul Kadirku,<br>marmane anangga krama[28],<br>yen denajak mangkat iki,<br>nging sěmados dereng pěpak kancanira, | Syaikh Usman Ali Basah hendak mengelak<br>(sebab) takut (bila) sembunyi (dari) Raja.<br>(Ia) hendak ikut (supaya) tidak ketahuan<br>oleh Ki Maja<br>dengan satu Dolah<br>(bernama) Syaikh Haji Abdul Kadir.<br>Makanya *anangga krama*<br>bila diajak berangkat,<br>namun menunda (sebab) belum lengkap temannya. |
| 87. | Dadya lami Kyai Maja,<br>mapan datan mangkat iki,<br>něnggih dhumatěng ing Pajang,<br>Eslam kaduwung puniki,<br>aturnya mring Nrěpati,<br>ayun wande isin langkung, | Kyai Maja menjadi lama<br>tidak berangkat<br>menuju Pajang.<br>(Pasukan) Islam (menjadi) kecewa.<br>Laporan (mereka) kepada Raja<br>(bahwa) sungguh-sungguh malu |

[28] Lebih satu suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | sarĕng Ngusman Li Basah,<br>tan kenging tinantun iki,<br>ing tyasira ingkang ingabĕn punika, | setelah Syaikh Usman Ali Basah<br>tidak dapat diajak berembug.<br>Dalam hatinya, (prajurit) yang diadu |
| 88. | Nĕnggih prajurit Bulkiya,<br>Seh Ngusman Li Basah iki,<br>kang **(h.94)** badhe kinarya bandha,<br>nanging Seh Ngusman wus uning,<br>marma tan purun iki,<br>mring Ki Maja kajĕngipun,<br>lamun badhe sĕlaya,<br>Ki Maja saaturneki,<br>marmanira Seh Ngusman awrat tyasira, | adalah prajurit Bulkiya.<br>Syaikh Usman Ali Basah<br>yang hendak dijadikan pemimpin.<br>Tetapi Syaikh Usman Ali Basah telah mengetahui,<br>maka tidak menuruti<br>kehendaknya Ki Maja<br>jika hendak berbeda pendapat<br>(terhadap) segenap ucapan Ki Maja.<br>Maka dari itu Syaikh Usman Ali Basah keberatan hatinya. |
| 89. | Mĕngkana Kyai Maja[29],<br>langkung kewran ing tyasneki,<br>rumaos kathah klajĕngnya,<br>denira matur Nĕrpati,<br>myang mring sĕsamineki,<br>dadya nantun muridipun,<br>nĕnggih Kyai Dhadhapan<br>pan kĕlawan Kyai Mlangi,<br>aturira kalih pan kadugi ika, | Demikian Kyai Maja<br>sangat bingung hatinya.<br>(Ia) merasa banyak kemauannya<br>di saat berkata (kepada) Raja<br>dan kepada sesamanya.<br>(Ki Maja) menjadi menawarkan muridnya<br>yaitu Kyai Dhadhapan<br>dan Kyai Mlangi.<br>Perkataannya (kepada) keduanya berhasil |
| 90. | Ngangge dalil mansawahika[30],<br>sabab wĕnang dening langip<br>pan ngudurna nging sakĕdhap,<br>Ki Maja dadya nuruti,<br>mring ture muritneki,<br>Kyai Dhadhapan puniku, | (karena) menggunakan dalil *manasawah.*<br>Sebab layak (karena) kekurangannya<br>(bila) hendak mengundurkan. Sejenak<br>Ki Maja menjadi menuruti<br>perkataan muridnya<br>(yakni) Kyai Dhadhapan. |

[29] Kurang satu suku kata
[30] Lebih satu suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | pan siněkjěng nulya[31],<br>Ki Dhadhapan mring Mělathi,<br>lajěng panggih lan Mayor Wiranagara, | Segera *sinekjeng*<br>Ki Dhadhapan menuju Melathi<br>lalu bertemu dengan Mayor Wiranagara. |
| 91. | Dadya tanggěl tinanggělan<br>sabab Mayor muritneki,<br>duk alit neng Mlathi ika,<br>tan winarna niskareki,<br>nulya samya anyagahi[32],<br>panggih **(h.95)** bicantěn iku[33],<br>kalih pandados marga,<br>Dhadhapan lan Mayor iki,<br>neng Mělathi wus sumados dintěnira, | (Mereka) hendak saling berhadap-hadapan<br>sebab Mayor Wiranagara murid Ki Dhadhapan<br>semasa kecil di Mlathi.<br>Tidak dikisahkan seluruhnya.<br>(Mereka) semua menyanggupi<br>bertemu (dan) berbicara.<br>Kedua (orang) pembuat jalan<br>(yakni) Ki Dhadhapan dan Mayor Wiranagara<br>di Melathi. (Mereka) telah berunding (tentang) hari pertemuannya. |
| 92. | Ki Maja paněhdhanira,<br>Residhen Pangulu Patih,<br>ing Sala Yogja sadaya,<br>Mayor mapan anyagahi,<br>nging nědha kendělneki,<br>sagunging aprang sědarum<br>sagah Kyai Maja[34],<br>nulya atur sarat[35] nuli,<br>mring Pěngasih wus katur Sri Nalendra[36] | Permintaan Ki Maja<br>(terhadap) residen, penghulu, patih<br>semua di Sala dan Yogyakarta,<br>mayor (supaya) menyanggupi<br>(dan) meminta berhentinya<br>seluruh peperangan.<br>Kyai Maja sanggup<br>lalu segera menghaturkan surat<br>menuju Pengasih. (Surat) telah dihaturkan kepada sang Raja. |
| 93. | Duk tupiksa ingkang surat<br>Nata langkung běnduneki, | Ketika membaca surat,<br>sang Raja sangat marahnya |

[31] Kurang satu suku kata
[32] Lebih satu suku kata
[33] Kurang satu suku kata
[34] Kurang satu suku kata
[35] Sesuai konteks dibaca: *surat*
[36] Kurang satu suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | wau dhumatěng Ki Maja,<br>měngkana timbalaneki,<br>heh basakěna iki,<br>mapan durung tutug-tutug<br>Maja karya rěncana,<br>olehnya manggung bagusi,<br>yen měngkono iya dhingin ana apa, | kepada Ki Maja.<br>Demikian panggilannya,<br>“Heh, pahamilah (surat) ini.<br>Tidak selesai-selesai<br>Maja membuat rencana.<br>Ketika membuat (rencana) selalu sombong.<br>Jika demikian, pada waktu dulu ada apa? |
| 94. | Mapan sagung kang bicara,<br>dene nora nana dadi,<br>tur iku iya kang ngajak<br>saběn-saběn Jendral iki,<br>lan masrahake uwis<br>tanah Jawa kabeh iku,<br>sěprandene tan dadya,<br>ujare nge-**(h.96)**-lmu tan kěni,<br>dene měngko ingkang denbicara apa, | Semua yang (menjadi) pembicaraan<br>tidak ada (yang) berhasil,<br>dan itu yang mengajak<br>setiap Jendral-Jendral ini.<br>Dan pula sudah memasrahkan<br>semua tanah Jawa.<br>Walaupun demikian (masih saja) gagal.<br>Perkataan ilmu tidak bisa.<br>Adapun apa nanti yang dibicarakan |
| 95. | Residhen yun těmu ika,<br>lan Danurja nora kěni,<br>tutur lamun Kuran ika,<br>ingkang nora anglilani,<br>tur nora miwiti[37],<br>panděrma Residhen Kědhu,<br>gawa layange Jendral<br>satuture sun turuti,<br>durung lawas upama lamun laliya, | (bila) hendak bertemu Residhen<br>dan Danureja. Tidak bisa<br>berkata bila Qur’an<br>yang tidak mengizinkan,<br>dan lagipula tidak memulai (pekerjaan)<br>karena sekadar Residhen Kedhu<br>membawa surat Jenderal.<br>Setiap perkataannya kuturuti.<br>Belum lama, (ingatkan) jika seupama lupa. |
| 96. | Dene bangět karya nistha,<br>tělusuran luru urip,<br>tuture lamun tan kěna,<br>wus tita lamun tan kěni,<br>ginugu ujarneki, | Adapun sangat nista<br>terus mencari hidup (aman).<br>Perkataannya tidak bisa (diandalkan),<br>telah tuntas bahwa tidak bisa<br>dipercaya perkataannya. |

[37] Kurang satu suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | ngulama apa raneku,<br>mapan salawasira,<br>gung běbeke karyaneki,<br>lan maninge lawan wus akeh ngulama, | Ulama apa (itu) namanya?<br>Selamanya<br>(hanya) banyak menuruti gelagatnya.<br>Dan lagi pula sudah banyak ulama |
| 97. | Wong Islam kaji pandhita,<br>sarip lan sěntana sami,<br>kang wus padha sabillolah,<br>dene angisin-isini,<br>donya sěrama pati,<br>mapan nora sědya ingsun<br>lamun Allah Tangala,<br>iya nora anglilani,<br>ing luhure Eslam ingkang aneng Jawa, | orang Islam haji, pendeta,<br>syarif, dan semua kerabat kerajaan<br>yang sudah mengikuti perang sabil.<br>Memalukan<br>dunia *serama pati.*<br>Aku tidak sanggup<br>bila Allah Ta'ala<br>tidak mengizinkan<br>unggulnya Islam yang berada di Jawa. |
| 98. | Agami Nabi Muhamad,<br>**(h.97)** d[38] sun tědhaha sirna sami,<br>aneng donya tanpa karya,<br>mapan sun sědya belani,<br>marang kang padha sabil<br>jěr iku parentahingsun<br>kabeh wong tanah Jawa,<br>Eslam ingkang padha sabil<br>mapan ingsun kang duweni karya[39], | Agama (seturut ajaran) Nabi Muhammad.<br>Kumohonkan semua pupus,<br>di dunia tidak berguna.<br>Aku hendak membela<br>kepada (mereka) yang sabil.<br>Sebab itu (semua) perintahku<br>(kepada) semua orang tanah Jawa<br>Islam yang mengikuti sabil.<br>Aku memiliki hajat |
| 99. | Anjaluk měněnging aprang,<br>ingsun mapan tan nglilani,<br>měngkono maning Ki Maja,<br>bicara sun tan nglilani,<br>lamun tan wani jurit<br>angur kon bali iku[40],<br>Badarodin pan sira, | (untuk) meminta berhentinya perang.<br>Aku tidak mengizinkan (siapapun),<br>demikian pula Ki Maja<br>(untuk) unjuk bicara. Aku tidak mengizinkan<br>jika tidak berani berperang,<br>lebih baik disuruh pulang. |

[38] Kasus pengulangan fonem
[39] Kurang dua suku kata
[40] Kurang satu suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
| --- | --- | --- |
| | sun kon dhawuhna iki[41],<br>mring Ki Maja yen mĕngkono karsaningwang, | Engkau Badarodin.<br>Engkau kuutus memberi perintah<br>kepada Ki Maja, bahwa demikian kehendakku. |
| 100. | Lawan maning dhingin sira,<br>mampira Danurja iki<br>layang gawanĕn balekna,<br>Dolah Kaji Badarodin<br>sandika aturneki,<br>nĕmbah nulya lengser iku,<br>sing ngarsa Sri Nalendra,<br>tigang dintĕn nulya prapti<br>Dolah Kaji Badarodin lawan bĕkta, | Dan juga engkau terlebih dahulu<br>sambangilah Danureja.<br>Surat bawalah (dan) kembalikanlah."<br>Dolah Haji Badarodin<br>menyanggupi perkataannya.<br>(Ia) menyembah lalu mundur<br>dari hadapan sang Raja.<br>Tiga hari kemudian tiba<br>Dolah Haji Badarodin dengan membawa |
| 101. | Paturanira Ki Maja,<br>lawan kang ngiringkĕn iki,<br>punika pan ayat Kuran<br>inggih kang amba **(h.98)** lampahi,<br>nulya Sri Narapati,<br>animbali ngulameku,<br>kang mĕksih kantun samya,<br>prapta dher ngarsa Nrĕpati,<br>lawan kaji pandhita lawan ngulama, | surat Ki Maja<br>dan yang menyertainya<br>adalah ayat Qur'an<br>yang hambanya laksanakan.<br>Sang Raja segera<br>memanggil ulama<br>semua yang masih tertinggal.<br>(Para ulama) tiba menghadap Raja<br>bersama haji, pendeta, dan ulama (lainnya). |
| 102. | Heh sanak kaji ngulama<br>ingsun yun tanya sayĕkti,<br>mapan iki ayat Kuran<br>bapanan seman sawah iki[42],<br>pajara kang sayĕkti,<br>mapan ingsun tan sumurup<br>mring nanan seman sawahika[43],<br>sĕdaya samya turneki, | "Heh, saudara haji, ulama,<br>aku sungguh-sungguh bertanya.<br>Ayat Qur'an ini<br>*bapanan seman sewah* ini<br>katakan yang sesungguhnya.<br>Aku tidak memahami<br>terhadap *nanan seman sawah* .<br>Semua perkataanya |

[41] Kurang satu suku kata
[42] Lebih satu suku kata
[43] Lebih dua suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | mapan estu sampun yen masawah punika[44], | sesungguhnya bahwa *masawah* itu |
| 103. | Agami Nabi Muhamad<br>lapal punika kang kenging,<br>duk alame Nabi Musa,<br>lapal punika kang kenging,<br>pan samya aturneki,<br>Kaji Mamraji puniku<br>lan Seh Barmawi ika,<br>nulya kinen amangsuli,<br>Dolah Kaji Badarodin mring Ki Maja, | (tuntunan) agama Nabi Muhammad.<br>Lafalz itu yang boleh<br>ketika alamnya Nabi Musa.<br>Lafalz itu yang diperbolehkan.<br>Semua perkatannya<br>Haji Mamraji<br>dan Syaikh Barmawi<br>segera disuruh menyampaikan<br>(yakni) Dolah Haji Badarodin (kepada) Ki Maja |
| 104. | Kalamun wus tan kalilan<br>sěbarang paturaneki,<br>nging kinen mantuk kewala,<br>lamun datan purun jurit<br>Kyai Maja puniki<br>sarěng tampi suratipun<br>Den Dipati Danurja,<br>**(h.99)** ja[45], měngkana timbalaneki,<br>Sri Nalendra langkung ajrih kaduwungnya, | bahwa (ia) telah tidak diizinkan<br>semua suratnya,<br>namun disuruh pulang saja<br>bila tidak mau beperang.<br>Kyai Maja<br>setelah menerima surat<br>Raden Adipati Danureja.<br>Demikian perkataannya<br>sang Raja. Sangat takut (dan) kecewanya |
| 105. | Mring sagung paturanira,<br>sědaya kang wus kawijil<br>mapan ing sělamenira,<br>kathah kang kělajěng yěkti,<br>dhatěng Sri Narapati,<br>yun mantuk wirang kělangkung,<br>lawan kang prajanjeyan<br>lan Mayor mapan wus dadi,<br>nanging kantun ngěntosi dintěn kewala, | terhadap seluruh perkataan<br>semua yang telah dilontarkan.<br>Selama ini<br>sungguh banyak yang berlebihan<br>kepada sang Raja.<br>(Jika) hendak pulang, (akan) sangat malu.<br>Lagipula perjanjian<br>dengan Mayor Wiranagara sudah terwujud,<br>hanya tinggal menunggu hari saja. |

[44] Lebih satu suku kata
[45] Pengulangan suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | | |
| 106. | Měngkana estu kapanggya,<br>mapan aneng ing Mělangi,<br>Ki Maja lan sagung samya,<br>kang denwělingakěn iki,<br>mapan pěpakan sami,<br>Sala lan Ngayogya iku,<br>Mayor tan kantun ika,<br>tan winarna bicareki,<br>Kyai Maja lajěng sowan Sri Nalendra, | Demikian benar-benar bertemu<br>ada di Melangi.<br>Ki Maja dan seluruhnya<br>yang diundang<br>(telah) berkumpul semua.<br>(Pejabat dari) Sala dan Yogyakarta,<br>tidak ketinggalan Mayor Wiranagara.<br>Tidak dikisahkan (jalannya) pembicaraan.<br>Kyai Maja lalu mengadap sang Raja |
| 107. | Mring Pěngasih sampun prapta,<br>lajěng jujug aneng měsjid<br>nulya wěling aturika,<br>marang Dolah Badarodin<br>nuhun sohan Něrpati,<br>Kaji Badarodin iku,<br>lajěng sohan Nalendra,<br>Sang Nata mapan marěngi,<br>lěnggahan neng surambi langgar punika, | menuju Pengasih. (Kyai Maja) sudah sampai<br>lalu langsung menuju masjid.<br>(Kyai Maja) lalu memberi pesan<br>kepada Dolah Badarodin<br>memohon menghadap Raja.<br>Haji Badarodin<br>lalu menghadap Raja.<br>Sang Raja mengizinkan<br>duduk di serambi langgar tersebut. |
| 108. | Kaji Badaro-**(h.100)**-din turnya,<br>pun paman lamun marěngi,<br>nuhun sohan atur salam<br>sakancanipun ngulami,<br>ngandika Sri Bupati,<br>mapan ingsun wus tan ayun<br>salaman lan wong bisa,<br>mapan ingsun bodho yěkti,<br>bokměnawa něnulari bodhoningwang | Perkataan Haji Badarodin,<br>“Jika paman mengizinkan,<br>(Kyai Maja) mohon menghadap menghaturkan salam<br>bersama kawanan ulama.”<br>Sang Raja berkata,<br>“Aku tidak berkehendak<br>bersalaman dengan orang pintar.<br>Aku sungguh-sungguh bodoh,<br>barangkali kebodohanku (bisa) menularkan. |
| 109. | Heh Badarodin tutura,<br>marang Ki Maja sireki, | Heh, Badarodin. Katakanlah<br>engkau kepada Ki Maja.” |

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
| --- | --- | --- |
| | Dolah Badarodin nulya,<br>mundhur sing ngarsa Nrěpati,<br>lan Ki Maja wus panggih<br>sampun winěrtanan iku,<br>timbalaning Nalendra,<br>lamun tan arsa pěpanggih,<br>lan Sampeyan lawan tan manis[46] kang sěbda, | Dolah Badarodin segera<br>mundur dari hadapan Raja.<br>(Badarodin) dan Ki Maja telah bertemu.<br>(Ki Maja) telah diwartakan<br>(perihal) perintah Raja<br>bahwa (Raja) tidak berkehendak bertemu<br>dengan Anda dengan perkataan yang tidak manis. |

[46] Penanda tembang *Dhandhanggula*